

▲ Dlo pou bwè

Aprè yon loraj, dlo nan rezèv piblik yo ak pwi prive gen dwa pa bon pou bwè, dlo ki sonb, ki gen odè oswa ki gen bagay k ap flote ladann PA fèt pou itilize. Koute radyo pou nouvo oubyen konpayi dlo a pou konnen si dlo w la bon.

Pou dezenfekte dlo, sèvi ak **YOUN** nan metòd ki annapre yo :

- Bouyi a gwo bouyon pandan yon minit. Asire w anvan w bouyi l ke dlo a pa gen oken pyès kap flote ladann; **OSWA,**
- Ajoute 8 gout klorin likid (klorox) pa galon dlo klè oswa 16 gout pa galon dlo ki pa twò klè. PA sèvi ak klorox kay ki gen pafen oswa lòt engredyan pase " sodium ipoklorit " kòm yo gen dwa toksik ; **OSWA,**
- Ajoute tablèt pou pirifye dlo selon diriktiv sou pakè a.

Melanje konplètman e kite dlo a kanpe pandan 30 minit anvan w sèvi avè l.

▲ Lòt resous

Gaz kabonik

www.ct.gov/dph/co
860-509-7740

Mwazisi

www.ct.gov/dph/mold
860-509-7740

Pwi prive ak dezenfeksyon

www.ct.gov/dph/privatewells
860-509-7321

Dlo potab (pou bwè) piblik

www.ct.gov/dph/publicdrinkingwater
860-509-7777

Pwogram nasyonal asirans kont inondasyon

www.floodsmart.gov
1-888-379-9531

**Pou kapab jwenn plis enfòmasyon,
ale nan : www.ct.gov/hurricane oswa rele 2-1-1.**

**Depatman Sante Piblik Connecticut
410 Capitol Avenue
Hartford, CT 06134-0308**

**Depatman Jesyon ijans ak
Sekirite nasyonal Connecticut
25 Sigourney Street
Hartford, CT 06106-5042**



2-1-1



SIKLON



APRE SIKLON

Depatman Sante Piblik Connecticut

**Depatman Jesyon ijans ak
Sekirite nasyonal Connecticut**

Pou kapab jwenn plis enfòmasyon,
ale nan : www.ct.gov/hurricane oswa rele 2-1-1.



2-1-1



Yo konnen ke siklòn lakòz gwo domaj pou pwopriyete, epitou li koze blesi e mete lavi moun tèt anba. Apre siklòn, gen dwa genyen blakaout, inondasyon, fil elektrik atè ak debri, tout sa gen dwa se yon danje pou sekirite w ak sante w.

▲ Blakaout ak gas kabonik

Jeneratris ak gazolin lage gaz kabonik (CO) ki gen dwa tiye w. Si elektrik w ale e wap sèvi ak yon jeneratris gazolin pou enèji, asire w ke jeneratris la enstale ak sekirite e pa pre kay la. Pa janm sèvi ak jeneratris la andedan kay la oswa nan yon espas fèmèn tankou yon garaj.

▲ Fil elektrik

Gwo van nan yon siklòn gen dwa jete fil elektrik atè. Kèk nan fil sayo gen dwa gen kouran. Si w wè yon fil atè, **PA TOUCHE LI**, li gen dwa choke w oswa menm tiye w. Rapòte li bay lapolis oswa depatman ponpye lokal w a.



▲ Inondasyon

Gwo lapli pandan yon siklòn gen dwa fè inondasyon ki gen dwa lakòz domaj nan estrikti kay, mwazisi ak asbestos ki lach oswa pyès plon. Zenglen, bout bwa kase, klou ekspozè ak materyèl eletrik ki domaje nan dlo, gen dwa la kòz w koupe, pran chòk elektrik ak lòt blesi.

Apre yon inondasyon ou dwe :

- Tcheke kay la pou fil elektrik lach, fwit gaz, krak nan fondasyon an oswa lòt domaj.
- Fèmèn kouran kay la anvan w rantre ladann pou evite pran chòk elektrik.
- Antre nan kay la ak anpil prekosyon. Si pòt la di pou ouvri se petèt pase plafòn an ap pann. Ouvri pòt la epi tan pou debri yo tonbe anvan w rantre.
- Tcheke plafon an pou detekte si gen kote l ap pandye.
- Pelte tout labou epi retire dlo rapidman ak yon mop, gratwa an kawotchou, ponp dlo oswa aspiratè pou dlo.
- Pran foto de kay la, sa ki ladann e nenpòt domaj pou reklamasyon asirans w.

Wout yo gen dwa inonde e pon yo tonbe, kidonk pa pase nan zòn ki gen inondasyon.



▲ Mwazisi

Domaj dlo pral fè mwazisi pouse nan kay wa. Bagay ki absòban ki rete mouye nan yon kay pou plis pase 48 èdtan fèt pou retire epi jete. Moun ki gen lasm (opresyon) ak sa ki sansib a mwazisi dwe konsidere kite yon lòt moun fè netwayaj la.

▲ Manje

Manje gen dwa gate si gen pann elektrik. Tcheke pou manje ki gate epi jete yo.

▲ Bèt

Sèpan, rat, raton ak lòt bèt sovaj, yo menm tou, gen dwa oblije kite lakay yo akòz domaj ke loraj la ta fè. Lè wap travay otou kay la, fè atansyon pou bèt ki kab mòde oswa pote maladi.

▲ Ensèk

Dlo ki kanpe apre yon loraj gen dwa se yon kote ideyal pou ensèk ki bay maladi, tankou moustik, pou ponn zè yo. Vide veso ki kenbe dlo. Sèvi ak repousan pou ensèk ki gen 10-35% DEET pou pwòteje tèt w pou ensèk pa mòde w.

